



APLIKASYON POU AMANNMAN NAN REJIS NESANS LAFLORID

ENPÒTAN: Fin li tout fòm aplikasyona-an anvan ou ranpli-li. **TAPE OSWA EKRI AN KARAKTÈ ENPRIMRI**

Sa ou bezwenn pou fe kòmman-nan: Si ou se yon aplikan elijib, ranpli epi siyen aplikasyon sila-a, bay relasyon-ou ak moun ki nan rejis-la ak yon kopi yon foto idantite valid. Si ou se yon avoka ki reprezante yon moun ki elijib, ou sèlman bezwen siyen, bay yon nimewo lisans pwofesyonèl oswa yon nimewo bawo, bay non moun ou reprezante-a ak relasyon-li ak moun ki nan rejis-la nan espas ki fèt pou sa pi ba-yo. Si aplikan-an pa elijib, ou dwe soumèt yon Afidavi pou Remèt Ak Nesans, Fòm DH 1958, ke yon moun ki elijib ranpli epi siyen devan yon notè, ansanm ak fòm aplikasyon sila-a. Men fòm foto idantite ki aseptab: Lisans Chofè, Kat idantite Leta, Paspò, ak/oswa Kat Idantite Militè.

NON SOU OSWA POU NOUVO REJIS NESANS-LA	NON		DEZYÈM NON		SIYATI	SIFIKS
NON KI SOU REJIS NESANS AKTYÈL-LA	NON		DEZYÈM NON		SIYATI	SIFIKS
DAT NESANS	MWA	JOU	ANE (4-CHIF)	LAJ	NIMEWO DOSYE LETA (SI OU KONNEN-LI)	
LYE NESANS	LOPITAL		VIL		KONTE	LAFLORID
NON JÈN FI MANMAN-AN (Non anvan maryaj)	NON		DEZYÈM NON		SIYATI (JÈN FI)	SIFIKS
NON PAPA-A	NON		DEZYÈM NON		SIYATI	SIFIKS

TCHEKE TIP AMANNMAN-AN: Adopsyon Koreksyon Chanjman Non Legal Rekonesans Patènite

\$20.00 FRÈ EGZEKISYON AMANNMAN-an enkli YON SÈL sètifikasyon

FRÈ-YO PA RANBOUSAB: Gade enfòmasyon ki rele "Frè"-yo sou lòt bò-a

Kantite

1

= 1

1^{re} sètifikasyon anplis: \$9.00

\$9.00

X

1

Lòt sètifikasyon anplis (apre 1^{re} sètifikasyon anplis-la) \$4.00 chak

X

KÒMANN AN LJANS (Si ou vle): \$10.00 pa kòmman. Anvlop-la dwe make "LJANS".
(Gade enfòmasyon ki rele Tan Repons-la)

Wi

Non

TOTAL KI ENKLI-A: Chèk oswa manda peyab bay Estatistik Vital an Dola Ameriken (PA VOYE LAJAN LIKID)
Lalwa Laflorid enpoze yon frè sèvis anplis \$15 pou chèk san pwovizyon

Bay fo enfòmasyon sou amannman yon rejis nesans Laflorid oswa jwenn enfòmasyon konfidansyèl ki nan yon rejis nesans Laflorid pou bi ki fo oswa pou fe fwod se yon krim twazyèm degre ke tèm ak kondisyon Lwa Laflorid pini.

NON APLIKAN-AN/ENFÒMASYON LIVREZON

Non Aplikan-an TAPE OSWA EKRI AN MAJISKIL	NON	DEZYÈM NON	SIYATI (ENKLI TOUT SIFIKS)	RELASYON AK MOUN KI NAN REJIS-LA
ADRÈS LIVREZON (ENKLI NIMEWO APATMAN, SI SA APLIKAB)	VIL		ETA	ZIPKÒD
NIMEWO TELEFÒN LAJOUNEN AK AREYAKÒD	LÒT NIMEWO TELEFÒN AK AREYAKÒD		SIYATI APLIKAN-AN	
SI OU SE YON AVOKA, BAY NIMEWO BAWO/LISANS PWOFEYONÈL-OU	SI OU SE YON AVOKA, BAY NON MOUN KE OU REPREZANTE-A SÈLMAN SI SE PA MOUN KI NAN REJIS-LA AVÈK RELASYON-LI AK MOUN KI NAN REJIS-LA			
ADRÈS IMEL				
SI SÈTIFIKASYON-AN DWE POSTE BAY YON LÒT MOUN OSWA ADRÈS SÈVI AK ESPAS KI PI BA-YO POU BAY NON AK ADRÈS POU YO POSTE BAY-LA.				
NON MOUN YAP POSTE BAY-LA TAPE OSWA EKRI AN MAJISKIL	NON	DEZYÈM NON	SIYATI	SIFIKS
NIMEWO TELEFÒN LAKAY	ADRÈS POU YO POSTE BAY-LA (AK NIMEWO APATMAN)			
NIMEWO TELEFÒN TRAVAY	VIL		ETA	ZIPKÒD

ENFÒMASYON AK ENSTRIKSYON POU APLIKASYON POU AMANNMAN REJIS NESANS

Ou kapab aksede referans sou Lwa/Règ-yo nan adrès entènèt ki anba nèt nan fòm sila-a

FRÈ: Frè pou egzekisyon amannman-an pa ranbousab, menm si nou pa kapab fè amannman-an. Anplis, li ka aplike pou ka sa-a sèlman, li pa kapab sèvi kòm kredi oswa transfere nan yon lòt ka.

ELIJIBILITE: Dapre s. 382.025, Lwa Laflorid, esepite pou nesans ki fèt depi plis pase 100 an ki pa anba sele, ak nesans konfidansyèl epi yo kapab remèt-li bay moun ki sou rejis-la sèlman (timoun ke yo site nan rejis-la) si li majè (18 an), paran, gadyen, oswa yon reprezantan legal youn nan moun sa-yo oswa pa dezisyon tribinal. Bagay ki rive depi plis pase 100 an, ki pa sou sele, se dosye piblik ki disponib pou nenpòt ki moun ki bay frè ak aplikasyon-an.

SA OU BEZWEN POU OU KÒMANDE: Si aplikan se moun-nan menm, paran-li oswa gadyen-li, aplikan-an dwe bay yon kopi yon foto idantite valid. Si se gadyen-an, li dwe enkli tou yon kopi arete plasman-an. Si ou se yon reprezantan legal, ou dwe enkli nimewo Bawo-ou avèk non ak yon notasyon moun ke w'ap reprezante-a ansanm ak demann-ou an. Si ou pa ankenn nan moun ki pi wo-yo, w'ap bezwen ranpli epi fè notarye Afidavi pou Remèt Ak Nesans, Fòm DH 1958, epi soumèt-li ansanm ak Aplikasyon sila-a pou Amannman nan Ak Nesans Laflorid, Fòm DH 429, oswa montre yon dezisyon tribinal. W'ap jwenn fòm DH 1958-la nan biwo sila-a, nan pifò biwo estatistik lokal ki nan departman sante konte-a ak sou sit entènèt-nou an. Adrès sit entènèt-la anba nèt sou fòm sila-a.

TIP AMANNMAN:

A. Yon amannman ki se yon konsekans aksyon tribinal:

- Adopsyon (pou asistans rele (904)359-6900, est.9001)
- Chanjman Non Legal (pou asistans rele (904)359-6900, est.9005)
- Rekonesans Patènite (pou asistans rele (904)359-6900, est.9004)

B. Yon amannman ki fèt administrativman selon lwa estatistik vital-la (Chapit 382, F.S) ak Otorite ki tabli règ-yo (Chapit 64V-1 F.A.C.) (pou asistans rele (904)359-6900, est.9005)

- Rekonesans Patènite
- Koreksyon poutèt yon fot oswa yon bagay yo pa mete
- Koreksyon non timoun-nan
- Chanjman nan non timoun-nan anvan li gen ennan. Nòt: Yon chanjman non legal ki fèt selon s. 68.07(4), Lwa Laflorid, obligatwa pou chanje non-an apre 1^{ye} fèt-la SÒF SI ou kapab montre dokiman kòm prèv. Nan zafè chanjman non legal, nou kapab amande yon rejis nesans Laflorid sèlman baze sou yon chanjman non legal ke yo akòde nan yon tribinal Laflorid

C. Papa Pitatif:

Fòm DH 429 sila-a, pa sèvi pou keksyon ki gen pou wè ak Papa Pitatif. Pou plis enfòmasyon ak asistans, tanpri vizite sit entènèt-nou an ki pi ba-a oswa rele (904)359-6900, est.1086.

Koreksyon nan non yo timoun poutèt fot kapab fèt nenpòt kilè apre nesans timoun-nan san dokiman kòm prèv.

Ou kapab ajoute yon non ki te sote nan non timoun-nan jiska 7^{ye} fèt-li san dokiman kòm prèv.

Koreksyon nan non yon timoun (ki pa fot ni bagay ki sote) kapab fèt sèlman si ou kapab montre dokiman ki bay prèv pou apiye koreksyon-an. Kèlkeswa ka-a, n'ap fè chanjman nan non yon timoun minè SÈLMAN si toude paran ke yo site nan rejis nesans-la (si yo site toulède) dakò epi siyen afidavit ke nou egzije-a devan yon notè. Si toude paran-yo pa dakò oswa pa disponib pou siyen, non-an kapab amande sèlman pa chanjman non legal (desizyon tribinal).

Gade s. 64V-1.002 ak .003, Kòd Administratif Laflorid, pou plis enfòmasyon k'ap defini otorite-nou pou nou fè koreksyon nan yon rejis nesans.

ENPÒTAN: SI YON NON TE CHANJE DEJA NAN REJIS NESANS-LA POUTÈT YON DESIZYON TRIBINAL, SA VLE DI, PA ADOPSYON, AKSYON PATÈNITE OSWA CHANJMAN NON LEGAL, SÈL JAN LI KAPAB CHANJE ANKÒ SE AK YON LÒT DESIZYON TRIBINAL. NAN ZAFÈ CHANJMAN NON LEGAL, NOU KAPAB AMANDE YON REJIS NESANS LAFLORID SÈLMAN SOU BAZ YON CHANJMAN NON LEGAL KE YO AKÒDE NAN YON TRIBINAL LAFLORID.

TAN REPONS: Tan nou pran pou egzekite yon amannman varye selon kantite travay ke nou genyen lè nou resevwa demann-ou an. Jeneralman, nou fini ak yon amannman nan de-twa semèn. Egzekisyon an IJANS disponib pou moun ki bezwen asirans yon sèvis pi rapid. N'ap bay demann ke nou resevwa nan yon anvlòp ki make IJANS ak frè \$10.00 pou IJANS-la priyorite sou lòt travay; sepandan, nou pa kapab bay ankenn sètifika amande toutotan nou pa resevwa tout prèv, fòm, frè aplikab ak siyati kòrèk epi si yo pa respekte kritè ke lalwa oswa règ departman-an tabli.

POSTE APLIKASYON SILA-A AK PEMAN-AN BAY ESTATISTIK VITAL, ATN: SEKSYON AMANNMAN, P.O. BOX 210, Jacksonville, FL 32231-0042

http://www.doh.state.fl.us/planning_eval/vital_statistics/index.html